



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN JOUNEN FÈT TRAVAY LA, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN KAT PATI NAN LEJISLASYON POU RANFÒSE SEKIRITE NAN PLAS TRAVAY YO EPI METE PLIS LAJAN NAN PÒCH TRAVAYÈ YO

Lejislasyon (S.4682-B/A.485-B) a etabli yon pwogram demonstrasyon ki mete anplas sistèm kontwòl vyolasyon vitès la nan zòn travay yo

Lejislasyon (A.3350-A/S.2766-C) rann kontraktè konstriksyon yo responsab pou salè yo dwe anplwaye soutretan yo

Lejislasyon (S.6350-A/A.7434-A) egzije pèman salè ki anvigè a pou anplwaye sèvis konstriksyon nan Co-Cops ak Kondo yo ki resevwa yon rediksyon taks nan 467-a

Lejislasyon (S.4049/A.5678) agrandi benefis travay pataje yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen kat pati lejislasyon pou ranfòse sekirite nan plas travay la epi mete plis lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay yo. Pwojè lwa a etabli yon pwogram demonstrasyon pou aplike sistèm kontwòl vyolasyon vitès nan zòn travay yo pou kenbe travayè yo an sekirite epi rann kontraktè yo responsab pou salè yo dwe soutretan yo. Yo egzije pèman salè ki anvigè a tou pou anplwaye sèvis konstriksyon nan co-ops wo gam ak kondò yo epi agrandi Benefis Travay Pataje yo.

"Nan Jounen Fèt Travay la chak ane, nou sonje kontribisyon vital travay òganize pou konstui New York, epi se poutèt sa m ap siyen kat pati lejislasyon yo pou ede travayè yo pwospere atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè lwa sa yo ap asire ke yo peye travayè yo salè ki jis, ke yo resevwa bon benefis epi rete an sekirite sou sit travay yo. Eta nou an se fwaye yon eritaj fyète ki long nan sipòte Nouyòkè k ap travay yo, epi n ap travay pou soutni sa pou lavni."

Lejislasyon Fèt Travay la pou soutni mendèv New York la.

Kenbe Travayè yo an sekirite

Lejislasyon (S.4682-B/A.485-B) sa etabli yon pwogram demonstrasyon ki mete anplas sistèm kontwòl vyolasyon vitès la nan zòn travay yo pa mwayen aparèy foto epi fè yo koresponn ak avi responsablite ak abitraj kèk enfraksyon sikilasyon ki enplike itilizasyon aparèy kontwòl foto.

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Nan sa ki gen pou wè ak sekirite wout nou yo, New York bezwen priorize chofè yo ak travayè otowout ki dedye tèt yo pou amelyore epi kenbe enfrastrikti nou chak jou. Mwen te fyè pou defann lejislasyon sa ak Manm Asanble Magnarelli ak frè ak sè ki nan travay nou yo paske mwen kwè ak fèmte sa ap sove lavi epi fè travayè yo retounen lakay yo nan tout sekirite jwenn fanmi yo. Lè li siyen lejislasyon sa an lwa, Gouvènè Hochul ap ranfòse pwoteksyon nan travay epi demontre yon angajman klè pou byennèt mendèv nou an."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Sekirite travayè yo sou wout nou yo ekstrèman enpòtan. Lè n kreye yon sistèm kamera ki anrejistre vyolasyon vitès nan zòn travay yo se yon etap pou pwoteje travayè sa yo. Vitès ak distraksyon mòtèl. Lè n itilize aparèy kontwòl yo pou idantifye moun ki vyole lwa a epi mete travayè sou otowout nou yo an danje."

Lè nou rann kontraktè yo responsab pou salè yo peye sou-kontraktè yo Lejislasyon (A.3350-A/S.2766-C) rann kontraktè pwojè konstriksyon yo responsab ansanm pou salè yo dwe anplwaye soutretan yo. Kontraktè konstriksyon yo pa responsab aktyèlman pou salè soutretan anplwaye yo amwenke gen yon relasyon travay ant kontraktè ak anplwaye soutretan an. Pwojè lwa sa aplike ak posiblite kontra ki antre 120 jou apre pwojè lwa sa vin tounen lwa. Sa pèmèt kontraktè yo mande enfòmasyon pewòl soutretan yo epi kenbe pèman an si yo bay enfòmasyon an.

Senatè Jessica Ramos te deklare, "Nan jounen fèt travay sa, nou fè listwa pou travayè New York nou yo. Lè nou abòde pwoblèm vòl salè a nan sèktè konstriksyon an epi ranfòse benefis pou Nouyòkè ki nan Pwogram Travay Pataje yo mete plis lajan nan pòch fanmi yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li pran mezi rapid epi nou enpasyon pou kontinye travay nou pou yon rekiperasyon san patipri epi enklizif."

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Jodi a, n ap pran mezi ki enpòtan pou elimine vòl salè a. Lejislasyon an pwoteje enterè travayè konstriksyon k ap travay di yo sou soutretan san eskripil yo. Vòl salè se yon krim pwofite ki afekte moun nan fason ki pa pwopòsyonèl ki deja ap viv sou chèch pewòl. Avèk lejislasyon sa, Eta New York ap asire ke yo pa eksplwate travayè konstriksyon yo epi y ap kapab kolekte tout salè yo pa peye yo. Travay di merite pou genyen konpansasyon."

Peye salè ki anvigè a pou anplwaye sèvis konstriksyon yo resevwa rediksyon taks 467-A

Lejislasyon (S.6350-A/A.7434-A) sa egzije pèman salè ki anvigè a pou anplwaye sèvis konstriksyon nan co-op ak kondò yo ki resevwa rediksyon taks dapre atik 467a la sou enpo a. Lwa a aplike pou imèb ki gen yon valè an mwayèn pa inite ki evalye a plis pase 60,000 dola, sof pou konstriksyon ki gen yon valè mwayen pa inite ki evalye a 60,000 a 100,000 dola epi ki gen mwens pase 30 inite. Lejislasyon an fè deklarasyon sou sèman ki sètifye pèman salè ki anvigè yo pou dosye travayè sèvis konstriksyon yo ki ka pwodui devan yon tribinal oswa yon tribinal administratif. Depatman Travay Eta New York gen pouvwa pou fè yon investigasyon ak odyans epi depoze yon desizyon final pou aplike lwa a epi asire ke yo peye anplwaye yo kòrèkteman.

Senatè Brian Benjamin te deklare, "Yo ta dwe egzije bilding apatman deliks yo ki gen mwayen pou bay salè ki anvigè ak benefis yo pou travayè sèvis konstriksyon yo fè sa. Travayè esansyèl sa yo mete lavi yo an danje chak jou pou kapab kenbe Nouyòk yo an sekirite epi yo ta dwe trete l ak respè. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt enpòtan yo nan ekonomi Vil New York lè li siyen pwojè lwa sa."

Manm Asanble Carmen De La Rosa te deklare, "Yo pa ta dwe janm itilize fon piblik yo pou sibvansyone travay ki gen salè ki ba yo oswa koupe kritè sektè a. Se yon bon jounen pou travayè esansyèl yo ki riske sante yo ak sante fanmi yo pou yo finalman genyen salè ak benefis yo merite yo."

Elaji Benefis Travay Pataje yo

Lejislasyon (S.4049/A.5678) sa chanje nivo Benefis yo apati 26 semèn afilè pou yon kantite tan ki egal ak montan benefis pou 26 semèn. Pwogram travay pataje a pèmèt anplwayè yo kenbe anplwaye yo epi evite revokasyon lè li pèmèt manm pèsònèl yo resevwa avantaj Asirans Chomaj pasyèl pandan y ap travay pandan orè ki redwi. Dapre lwa aktyèl, moun k ap mande yo resevwa 26 semèn benefis sèlman, kèlkeswa dwa pou benefis moun ki mande a dapre UI a. Pwojè lwa sa ap pèmèt moun ki mande yo kolekte benefis UI ki diminye dapre yon Pwogram Travay Pataje jiskaske yo atenn montan benefis maksimòm yo dapre UI tradisyonèl la.

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "New York angaje pou konsève travay, nan kenbe anplwaye ki eksperimente yo epi asire ke anplwayè yo pi byen pozisyon pandan ekonomi an sanble ap rebondi. Avèk lejislasyon sa, NY ap pwolonje longè tan kote yo dwe peye yon moun k ap mande ki kalifye dapre Pwogram Travay Pataje a. Pwogram sa se yon avantaj alafwa pou anplwayè ak anplwaye yo menm jan. Antanke Prezidan Komite Travay Asanble Eta NY la ak moun ki pwopoze lejislasyon sa, mwen kontan ke Gouvènè a te siyen li an lwa.

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te di, "Depi premye jou a, Gouvènè Hochul te pwomèt pou travay nan kolaborasyon ak Lejislati a ak Mendèv la, epi li te akonpli pwomès sa lè li siyen plizyè pwojè lwa an lwa k ap amelyore lavi moun k ap travay yo. Pwojè lwa sa adopte an lwa jodi a; anlyore sekirite zòn travay sou wout la, kreye benefis chomaj ki pi jis pou travayè ke yo te diminye lè yo olye yo revoke yo, rann kontraktè nan konstriksyon prive ki san eskripil yo responsab pou vòl salè; epi egzije yon tarif ki anvigè pou moun ki travay nan bilding rezidansyèl yo benefisyè avantaj fiskal. Mwen remèsye Majorite Demokratik yo tou alafwa nan chanm yo ak moun ki pwopoze pwojè lwa yo, Prezidan Travay Asanble a, Latoya Joyner, Prezidan Komite Travay Sena a Jessica Ramos, Senatè Tim Kennedy, Manm Asanble William Magnarelli, Senatè Brian Benjamin ak Manm Asanble Carmen De La Rosa paske yo te fè pwojè lwa ki chanje lavi sa yo yon priorite."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa an lwa, k ap bay travayè konstriksyon New York yo yon nouvo remèd pou goumen kont byolasyon vòl salè yo ki

prive gason ak fanm k ap travay di yo de diyite ak mwayen sibzistans yo. Sa se yon etap enpòtan nan ede netwaye sektè a de kontraktè ki san eskripil yo ak yon siy klè ke New York p ap tolere move aktè yo ankò k ap pwofite konstaman de travayè yo. Nou remèsye lidè lejislasyon nou yo tou pou angajman kontini yo nan lejislasyon enpòtan sa epi nou enpasyan pou trravay ak yo ak Gouvènè Hochul pou kontinye fè travayè yo pwogrese epi pwoteje dwa travayè."

Prezidan SEIU Lokal 32BJ, Kyle Bragg te deklare, "Nan jounen fèt travay sa, 32BJ felisite Gouvènè Kathy Hochul paske ou siyen lejislasyon leve travayè New York yo ak pi bon salè ak benefis epi ranfò pwoteksyon yo. Plis pase 2,000 travayè sèvis konstriksyon ki te riske lavi yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan pandemi COVID-19 la ap finalman genyen salè ki ka soutni fanmi yo. Pandemi an te mete ajou enpòtans kritik yon filè sekirite pou travayè yo pandan tibilans ekonomik lan. Ogmante omaksimòm kantite semèn ke travayè yo ka kolekte benefis atravè Pwogram Travay Pataje NYSDOL ede alafwa travayè an anplwayè yo. Nou enpasyan pou kontinye travay nou ak lejislati ak Gouvènè a pou benefis tout travayè yo."

Sekretè Egzekitif-Trezorye Konsèy Chapantye Distri Vil New York la Joseph Geiger, te deklare, "Pandan plizyè ane, kontraktè avid yo te anake travayè ki eksplwate yo ki pa gen okenn kote pou yo ale. Lejislasyon sa ap asire ke chak travayè konstriksyon nan New York pwoteje kont vòl salè a. Sa apwopriye pou Gouvènè Hochul ki se yon alye regilye pou mendèv ak travayè tout kote yo, siyen li an lwa. Konsèy Chapantye Distri Vil New York la te remèsye Senatè Ramos tou ak Manm Asanble Latoya Joyner paske yo te pran chaj pou adopte pwojè lwa a nan Lejislati Eta a. Sa se prèv ke gouvènman a ka toujou yon fòs pozitif pou travayè nan Amerik la."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)